muFarisi nomuteresi

...nokuti mumwe nomumwe
unozvikudza, uchaninipiswa;
uye unozvininipisa
uchakwiridzirwa.
RUKA 18:14

Akataura mufananidzo uyu kune vamwe vaizvivimba kuti vakarurama, vachizvidza vamwe, akati: Varume vaviri vakakwira kutembere kunonyengetera; umwe muFarisi, uye umwe muteresi. MuFarisi wakamira akazvinyengeterera zvinhu izvi, akati: Mwari, ndinokutendai kuti handina kufanana nevamwe vanhu, makororo, vasakarurama, mhombwe, kana kunyange semuteresi uyu. Ndinotsanya kaviri pavhiki, ndinopa chegumi chezvose zvandinazvo. Asi muteresi amire ari kure, asingadi kunyange kutarira kudenga, asi akazvirova chipfuva, akati: Mwari, ndinzwirei tsitsi, ini mutadzi. Ndinoti kwamuri: Uyu wakaburukira kumba kwake aruramiswa pane uya; nekuti umwe neumwe unozvikwiridzira uchaninipiswa; uye unozvininipisa uchakwiridzirwa. RUKA 18:9-14

... haakanganwe kuchema kwavarombo. PISAREMA 9:12

Jehovha achagura miromo yose inobata kumeso, norurimi runotaura mashoko anozvikudza: MAPISAREMA 12:3

Akakomborerwa anoita Jehovha chivando chake. Asina hanya navanozvikudza, navanotsaukira kunhema. PISAREMA 40:4

Kunyange Jehovha ari kumusoro, kunyange zvakadaro ane hanya neanozvininipisa; Asi vanozvikudza anovaziva vari kure. PISAREMA 138:6

Kana kuzvikudza kuchisvika, kunyadziswa kwasvikawo; Asi uchenjeri huri kune akazvininipisa. ZVIREVO 11:2

Jehovha anoparadza imba yavanozvikudza, asi muganhu wechirikadzi anousimbisa. ZVIREVO 15:25

Kutya Jehovha kunodzidzisa uchenjeri; uye kuzvininipisa kunotangira kukudzwa. ZVIREVO 15:33

Mumwe nomumwe unomoyo unozvikudza, anonyangadza Jehovha Zvirokwazvo, haangakoni kurohwa. ZVIREVO 16:5

Kuzvikudza kunotangira kuparadzwa; Uye mweya wamanyawi unotangira kuwa. Zviri nani kuva nomweya unozvininipisa pakati pavarombo pakugovana zvakapambwa navanozvikudza. ZVIREVO 16:18-19

moyo womunhu unozvikudza kuparadzwa kusati kwasvika; kuzvininipisa kunotangira kukudzwa. ZVIREVO 18:12

Kuzvininipisa nokutya Jehovha Ifuma nokukudzwa noupenyu. ZVIREVO 22:4

Kuzvikudza komunhu kuchamudukupisa; Asi ano mweya unozvininipisa, achakudzwa. ZVIREVO 29:23

Pakuzvikudza kwake akaipa anotambudza murombo; ngavabatwe namano avakafunga. Nokuti wakaipa anozvirumbidza pamusoro pezvinoda moyo wake, uye anoruchiva anoropafadza Jehovha. Nokuzvikudza kwechiso chake, wakaipa anoti haangabvunzi. Mwari haamo mundangariro dzake dzose. PISAREMA 10:2-4

Nekuti ndiani wakakuita kuti usiyane neumwe? Uye chii chaunacho chausina kugamuchira? zvino kana waigamuchira, unozvikudzirei sezvinonzi hauna kupiwa? 1 VAKORINDE 4:7

Asi unopa nyasha zhinji. Naizvozvo unoti: Mwari unopikisa vanozvikudza, asi unopa nyasha vanozvininipisa. JAKOBHO 4:6

Saizvozvo, imi majaya, muzviise pasi pavakuru. Imwi mose muzviise pasi umwe kune umwe, uye pfekai kuzvininipisa, nekuti Mwari unodzivisa vanozvikudza, asi unopa nyasha vanozvininipisa. Naizvozvo zvininipisei pasi poruoko rune simba rwaMwari, kuti akukudzei nenguva yakafanira: 1 PETRO 5:5-6

Nokuti zvose zviri munyika, zvinoti, kuchiva kwenyama, nokuchiva kwameso, nokuzvikudza kwoupenyu, hazvibvi kuna Baba, asi panyika. 1 JOHANI 2:16